*Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение «Детский сад «Аист» с.Ансалта*

Конкурсное ООД на аварском языке

# «Маг1арул буртина»

По приказу Минобрнауки РД от «о2.12.2020г.» № 146-0,в рамках реализации федерального проекта **«Учитель будущего»** целях выявления и распространения, а также повышения профессионального мастерства в области развития родной (аварской) речи детей дошкольного возраста.



***Автор работы: Воспитатель I (первой кв. категории) Абдусаламова Шанисат Рашидовна***

***Декабрь 2020 год***

**Конспект ООД на аварском языке «Маг1арул буртина»**

Конкурсная работа

По приказу Минобрнауки РД от «о2.12.2020г.» № 146-0,в рамках реализации федерального проекта «Учитель будущего» целях выявления и распространения, а также повышения профессионального мастерства в области развития родной (аварской) речи детей дошкольного возраста.

***Представляет воспитатель Абдусаламова Шанисат Рашидовна***

**Тема: «Маг1арул буртина»**

**Мурад:** Маг1арул халкъалъул г1умруялъулгун, гьезул рук1арахъиналъулгун лъималазул лъай - хъвай гьаби.

**Масалаби:** Тарбия кьеялъулал – жиндир ват1ан бокьулелллъун, ват1аналъул тарихги г1адаталги лъазе бокьулелллъун лъимал куци. Щивав инсанас ва гьединго щибаб миллаталъ к1очон гьеч1ел лъалк1ал хадусел наслабазе нахъе тезе кколелллъиги, гьел толел рук1инги лъималазда бич1ч1изе гьаби.

Умумуца нахъ тарал малъиял, абиял махщелал, жидеца ц1унулелллъун гьезул адаб ккуралллъун лъимал куци.

лъай кьеялъул масалаби. Лъималазул калам цебе т1езаби, къанаг1ат х1алт1изарулел раг1абазулгун лъай – хъвай гьаби.

Авар халкъалъ жидер яшав гьабулеб къаг1идаялъулгун. Гъуз х1алт1изе гьабулеб алат - гъирсалъулгун лъай – хъвай гьаби ва гьеб х1алт1изе гьабулеб куц бихьизе гьаби.

Дагъистаналъул халкъазул х1ата росабазулгицин жидеего хасаб гьунар ва кверзул махщел бук1ин лъималазе зегьир гьаби. Жидер г1агараб росулъ г1адамаца х1алт1изе гьабулеб муг1рул буртина гьабулеб къаг1идаялъулгун лъай – хъвай гьаби.

**Дарсие х1ажалъулел алатал:** ИКТ доска, халкъия макъназул диск,

2- 3 бат1ияб буртина, квас – квас, г1ат1, гьоркьо, Аминат адае маг1арул халкъияб рет1ел, буртина гьабулаго рахъарал сюжетиял суратал ялъуни слайдал.

**Ц1иял раг1аби:** Буртина, г1ат1,квас, гьоркьо, беси, гьаркьирахъ, т1аргъа. Ц1ира. Палас, инсан, миллат, нухи.

Маг1алималъул цебеккун гъабулеб х1алт1и: Дарсил темаялъулгун рахъалъ лъималазулгун гарач1вари, ц1иял раг1аби малъи.

Дарсил ин.

*Пандур – щвант1ихалъул макъанги биччан лъимал залалде рач1уна, тарбия ч1ужугун цадахъ.*

Муг1алим: Рорч1ами, хириял лъимал!

Гъалеха, лъимал жакъаги щвана нилъ нилъерго г1агараб ракьалъулги, росдалги, росдал г1адамазулги яшавалъул ва рук1арахъиналъул бицунеб дарсиде.



- Рач1ал лъимал киназго цоцазул квералги ккун

цоцазул рак1 рагьараб гьими сайгъат гьабизе.

Т1аде щварал разияб, гъоркь ратарал рохараб

Маг1арул къаг1идаялъ цоцозе салам кьезе

Салам, рорхатал муг1рул!
Салам, г1агараб росу!

Салам росдал г1адамал! Салам дир гьудулзаби!

- Нужее бокьилин кола, лъимал диргун гара – ч1вариялда рук1ине, нилъерго росдал г1адаталги, г1адамазул рук1 – рахъинги цебе кин бук1арабали лъазе.

Дирги пикру ккана жакъа нужергун гара – ч1вари х1айванал рук1унеб ручуналдаса байбихьизе. Ручуналъур кина – кинал х1айванал рук1унел рак1алде щвезабея цо лъимал. (Г1ака, х1ама, чуял, ц1анал, бачал)

Муг1алим. Х1алч1ахъаги лъимал лъик1 лъалеб буго. Гьел киналго кола рукъалъул х1айванал, ва гьезул щибалдаса г1адамазе бук1уна жиндирго хасаб пайдаги. Кинаб рукъалъул х1айваналъулха жакъа бицине бугеб. Гьеб лъалаха лъимал нужода дица кьураб биценк1оялъе жаваб лъанани. Г1енеккизе ругищ лъимал, биценк1оялъухъ!

Гиргирун бижараб квас – квасул нухи,

Нак1к1ул пачаялда релъун бихьулеб,

Бакъанида ручнахъ руссунеб г1ужалъ

«Бе – е – е - е» илан берцинаб гьаракь биччалеб

*(лемаг, г1иял, куй)*

Бит1араб буго лъимал г1иял руго гьел.

- Лъимал, лъидаха лъалеб, г1ияздаса кинаб пайда г1адамазе бак1унеб?

*(гьан, рахь, квас, х1ан)*

Бит1араб буго лъимал. х1алч1ахъаги нужор.

Г1иязул рах1 абуни лъимал, даруяблъунги рик1к1уна. Нилъер муг1рузда, лъимал, г1иял хьихьула г1иц1го гьан, рахь, квасалъе г1ологи.

- Цо соналда жаниб г1иял к1иго нухалъ къунц1ула. Цо лемагалдаса яги куялдаса къунц1ула ункъго – щуго килограмм квас. Квасалъул абуни, лъимал гьабула щиб? (хинаб рет1ел, юргъаби, гьургал) Квасул щиб гьабулебали лъазе цо х1ай гьабила нилъеца. Рази ругищ лъимал?

- Гьале дица нужое х1адурун руго рет1ел т1ад бахъарал суратал.

Нужоца лъимал гьанир гъорлъан рат1а рахъизе кола хинаб, квасул гьабураб рет1ел, рази ругищ лъимал? Рат1а рахъун гьел доскаялда ч1вазе кола. Лъик1 хвал гьабе ва рат1а рахъе.

Х1алч1ахъаги лъимал нужер! Лъалеб буго нужода гьебги.

- Амма лъимал дица нужое бицина цо нужода лъалареб квас – квасул гьабулеб хасалил рет1улеб жоялъул.

Гьеб кколаха лъимал, гьале гьадинаб рет1улеб жо.

*(бихьизе гьабула буртина)* гьелда ц1арги буго «Буртина».

Гьаб буртинаги гьабулаха лъимал г1ияздаса къунц1араб квасул. Амма гьалъул буго цо чанго хасаб г1аламат: Буртина гьабулеб квас чуруларо; гьеб гьабуларо кинаб бугониги машинкаялъ ялъуни станокалъ; гьелъ биччаларо ц1ад, г1азу, гьури. Гьединлъидал нилъер муг1рузда ругел г1адамазе хасго г1ухьбузе гьеб ч1ола рукълъунги рет1елалъулги бак1алда.

Машинкаялъги гьабулареб, гьури ц1адги биччалареб гьеб кин гьабулебали лъазе бокьилищ, лъимал? Лъимал. (Бокьила)

Лъик1ха лъимал. Дица бихьизе гьабила нужоца хал гьабе.

Муг1алималъ гьоркьоялда квас ч1вала, гьеб квас г1ат1алъ бихила ва паласалда т1аделъун буртина гурила, гурун хадусала, лъамал, буртина буг1ула ва ч1вала. Хадуб гьеб х1орихъ ялъуна лъарахъ босун чурула.



Бакъван хадусалаги лъелъ ч1ван цо чанго ч1ужуялъ к1обок1ула ва ахиралдаги нилъее рекъараб къаг1идаялъ букъун рекъезеги гьабула.

Маг1арда, г1ияда вехьас рет1улеб буртина ч1ег1ераб кьералъ балъине бегьула. Байрамазда рет1улеб буртина хъах1го тола.

Гьалеха лъимал муг1рул буртина гьабулеб куц. Сваканищ, лъимал, нущ?

Рач1аха лъимал нилъеца свак чучине. Черх бит1изе зарядкаги гьабизе.

Г1урдада расандулел кьаг1азул ах1и буго

*(«Бе – е – е - е» абун гьаракь гьабун гор сверун рекерила)*

Г1исинал лъурдуздаса гьел ц1акъго рохун руго

*(Бет1ералда квераца чурдул рихьизе гьарила)*

Лъурдул г1исинал кьаг1ал к1и бохида кьурдурдулел

*(К1анц1ила х1ат1ил килщазда)*

Г1ундул берцинал кьаг1ал жегиги расандулел

*(Хъатаца г1ундул гьарила)*

*Мац1 бихьизе гьабула «бе – е – эээ ян -  ах1дола)*

К1ич1изе рач1ги гьабун цоцазухъ ралагьула

Гьелеха лъимал свак чучана черх ц1илъана.

Чундул г1адин нилъ лъугьана.

Гьанже нужое бокьани нилецаги гьарила нилъедаго лъалеб къаг1идаялъ буртинаби. Рази ругищ Лъимал, бокьилищ нужое  *(Бокьила)*

*Лъимал столазда нахъа г1одор ч1езе гьарила ва щивасе х1ажатаб алат – гъисгун жинца – жинца аппликация гьабила.*





Дарсил ахиралда муг1алималъ лъимазулгун гара – ч1вари гьабила ва гьезие баркала кьела

